




Restoran yo ka bay sèvis tab deyò nan kòmansman faz 2 nan Plan Re-ouvèti Commonwealth la. Restoran yo ap otorize nan yon lòt dat ak pa yon òdonans ki vin apre òdonans Faz 2 a pou kòmans sèvis tab deyò si done sante piblik la montre pwogresyon pozitif kontinyèl

## ESTANDA SEKIRITE OBLIGATWA



### DISTANS SOSYAL

Lè yo otorize sèvis tab andedan, yo ankouraje restoran yo pou estriktire operasyon yo pou fonksyone otan ke posib pou sèvis tab deyò ak pou limite estrikteman sèvis tab andedan nan fason pou asire konfòmite efektiv avèk egzijans distans sosyal ak pou limite aktivite yo nan limit espas ki konfine yo

Restoran yo dwe konfòme avèk règleman distans sosyal sektè spesifik yo pou bay sèvis restorasyon nan tout zòn kliyan yo chita:

- Tab yo dwe pozisyonè kidonk pou kenbe omwen yon distans 6 pye de tout lòt tab yo ak nenpòt zòn ki gen gwo trafik a pye (egzanp., wout pou twalèt, antre, sòti); tab yo ka pozisyonè pi pre si yo separe pa baryè pwoteksyon (egzanp., estrikti an mi oswa separatè glas an plexi) pa mwens pase 6 pye wotè ki enstale ant tab ak zòn ki gen anpil pasaj apye yo
- Kantite moun ki chita pou yon fèt pa ka depase 6 moun
- Restoran yo pa ka akeyi okenn kliyan nan ba a, men sijè a nenpòt egzijans ki aplikab nan bilding lan ak kòd sou prevansyon dife, yo ka rekonfigire zòn ba yo pou akomode tab pou chita ki konfòme avèk tout espas anvan avèk lòt egzijans yo sou estanda sekirite sa yo osijè COVID-19
- Tout kliyan yo dwe chita; sèvis manje pou kliyan ki kanpe yo (egzanp., nan zòn akote ba) entèdi
- Restoran yo ka bay sèvis livrezon a-domisil oswa a-anpòte, men tout estanda sekirite pou separasyon tab yo, kantite moun ki nan yon fèt, ak ijyèn yo dwe kenbe pou nenpòt tab andedan ak deyò disponib pou kliyan a-anpòte yo
- Tout lòt ekipman ak zòn ki pa afekte pou sèvis manje ak bwason (egzanp., espas dans, tab jwèt, teren jwèt, elatriye.) dwe fèmen oswa soti pou anpeche rasanbleman kliyan

Asire separasyon 6 pye oswa plis ant tout moun (travayè, founisè, ak kliyan yo) sof si sa kreye yon danje pou sekirite akòz nati travay la oswa konfigirasyon espas travay la:

- Fèmen oswa rekonfigire espas komen pou travayè ak zòn wo dansite yo kote travayè yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, salamanje) pou pèmèt 6 pye distans fizik;
- Rekonfigire estasyon travay yo pou asire distans fizik (egzanp., separe tab yo, vire estasyon travay yo swa nan chak kote nan zòn tretman an kidonk travayè yo pa fasafas, itilize makè distans pou asire espas sa ki gen ladan zòn kwizin nan)
- Etabli koulwa direksyon ak pasaj pou pyeton si posib, pou diminye kontak (egzanp., antre nan sans inik ak sòti nan restoran).
- Afiche siy vizib klè osijè règleman sa yo
- Entèdi pou rete pase anpil tan nan zòn komen yo (egzanp., zòn datant yo, twalèt) ak asire distans sosyal nan zòn komen yo lè yo make espas 6 pye avèk riban adeziv oswa penti ak siy sou planche a
- Tout travayè ki an kontak avèk kliyan yo (egzanp., sèvè, pèsònèl otobis) dwe redwi tan yo pase nan distans 6 pye de kliyan yo
- Deziyen zòn travay pou travayè yo kote sa posib pou limite mouvman toupatou nan restoran ak limite kontak ant travayè yo (egzanp., zòn ki asiyen pou sèvè)

Chanje orè travay ak lè manje ak poz, règleman kantite moun ki yonsèl kote ak asire omwen distans fizik 6 pye

Redwi itilizasyon espas konfine (egzanp., asansè, veyikil) pa plis pase yonsèl moun alafwa

Egzije kouvri figi pou tout kliyan ak travayè yo an toutan, sof lè yon moun pa ka kouvri figi l akòz kondisyon medikal oswa andikap

### Rekòmande pi bon pratik yo

Amelyore vantilasyon pou espas fèmen yo lè sa posib (egzanp., ouvè pòt ak fenèt yo)

Kliyan yo ka retire mask nan figi yo pandan yo chita sou tab yo



### PWOTOKÒL IJYÈN

Tout travayè yo dwe lave men yo souvan, ak sèvè tab yo dwe lave men yo oswa aplike dezenfektan pou men ant chak entèaksyon avèk tab la

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Afiche siy vizib nan tout sit la (devan ak dèyè) pou fè travayè ak envite yo sonje pwotokòl ijyèn ak sekirite

Sèvis bifè lib ak san siveyans, ba, estasyon bwason, ak lòt zòn sèvis kominotè yo dwe rete fèmen

Epis ak pwodui menm jan (egzanp., sèl, pwav, ak vinegrèt) yo pa ta dwe mete l alavans sou tab yo e yo ta dwe sèvi l pito sou demann nan pòsyon pake endividyèl oswa tas) oswa nan resipyan sèvis ki dezenfekte apre chak itilizasyon



## ESTANDA SEKIRITE OBLIGATWA




### PWOTOKÒL IJYÈN

Meni yo dwe nan youn nan fòma ki annaprè yo : 1) papye, meni yonsèl sèvi ou jete apre chak itilizasyon, 2) afiche meni (egzanp., tabo nimerik blan, tablo), 3) meni elektwonik kliyan an ka gade sou telefòn /aparèy mobil

Veso ak kouvè dwe swa dezenfekte apre chak itilizasyon oswa pou yonsèl sèvis; veso yo dwe woule oswa anbale. Tab yo pa dwe ranje alavans pou redw opòtinite pou ekspozisyon

Tab ak chèz yo dwe netwaye ak dezenfekte byen apre chak kliyan fin sèvi



### PÈSONÈL & OPERASYON

Lè sa posib yo ta dwe ankouraje rezèvasyon oswa rele alavans; manadjè yo dwe asire ke kliyan kap rete tann tab yo pa regwoupe nan zòn komen yo oswa fòme liy

Restoran yo ka pa bay kliyan yo avètisè ki gen son oswa lòt aparèy pou bay avètisman ke yon plas disponib oswa yon kòmand pare; restoran yo okontrè ta dwe itilize metòd ki pa gen manyen tankou anons odyo, mesaj tèks, ak avi sou ekran videyo fiks oswa tablo

Bay travayè yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi yo ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan:

- Distans sosyal, lave men, bon itilizasyon nan kouvri figi
- Oto-depistaj nan kay, sa ki enkli tcheke tanperati ak sentòm yo
- Modifye pratik yo pou sèvi nan fason pou redwi tan ki pase a mwens pase 6 pye kliyan yo
- Ranfòse ke travayè ki malad pa vin travay
- Kilè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab lakoz moun ki pi siseptib pou atrape ak soufri nan yon ka viris grav

Operatè restoran yo ta dwe etabli lè ak chif nan plas travay pou travayè yo diminye kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon nan pwen dantre yo Limite vizitè ak founisè yo sou sit; anbakman ak livrezon ta dwe fèt nan zòn ki deziyen yo

Travayè yo pa dwe prezante nan travay si yo santi yo malad

Restoran yo dwe teste travayè yo nan chak chif travay pou asire sa ki annaprè yo:

- Travayè kap eksperimente nenpòt sentòm tankou fyèv (100.3 ak piwo), tous, souf kout, oswa malgòj;
- Travayè pat gen kontak pwòch avèk yon moun ki dyagnostike avèk COVID-19. "Kkontak pwòch" vle di viv nan menm kay avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pran swen yon moun ki te teste pou COVID-19, nan distans 6 pye de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pou 15 minit oswa plis, oswa vini an kontak dirèk avèk sekresyon (egzanp., pataje veso, touse sou) de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandan ke moun sa pa gen sentòm
- Travayè ke doktè yo pa t mande pou yo izole oswa rete an karantèn oswa yon otorite sante piblik lokal
- Yo dwe voye travayè ki malad yo lakay yo.

Yo pa dwe kite antre nenpòt moun ki montre siy maladi

Si yo enfòme anlwayè a sou yon ka pozitif nan plas travay la, anlwayè a pral enfòme Komisyon Depatman Sante Lokal (LBOH) kote plas travay la lokalize ak travay avèk yo pou retrase posib kontak nan plas travay la ak konseye travayè yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn

Enfòme travayè yo ke yo pa ka travay si yo teste pozitif pou COVID-19 (yo ta dwe izole nan kay) oswa si yo jwenn ke yon gen yon kontak pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19 (yo ta dwe an karantèn lakay yo)

Yo ka rekòmande fè tès sou lòt anlwaye ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH. Afiche avi bay travayè ak kliyan sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi sekirite enpòtan jan li endike nan gid direktiv gouvènman an

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan direktiv Commonwealth la sou [Estanda Sekirite nan Plas Travay](#)

Deziyen moun ki anchaj (105 CMR 590) pou chak chif travay pou sipèvizè enplemantasyon direktiv yo nan dokiman sa a

Restoran yo ap otorize pou ogmante espas manje anplennè, sa ki gen ladan espas manje deyò ak estasyonman kote sa disponib, kote yo jwenn otorizasyon minisipal

#### Rekòmande pi bon pratik yo

Lè yap pran rezèvasyon ak lè yap fè kliyan ki pa gen rezèvasyon yo chita, restoran yo ta dwe kenbe nimewo telefòn yon moun nan gwoup la nan posiblite pou retrase yon kontak

Ankouraje itilize solisyon teknolojik kote sa posib pou redwi kontak moun-a-moun (egzanp., peman san kontak, kòmman pa telefòn, tèks lè ou rive pou chita)

Yo ankouraje travayè yo ki patikilyèman vilnerab nan COVID-19 pou yo rete lakay yo dapre Sant pou Kontwòl Maladi egzanp., akòz laj oswa kondisyon sante ki kache

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont yo oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anlwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anlwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak



## ESTANDA OBLIGATWA SEKIRITE



### NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Netwaye sifas yo manyen souvan yo nan twalèt yo (egzanp., chèz twalèt, manch pòt, manch kabinè, lavabo, distribitè sèvyèt papye, distribitè savon souvan ak annakò avèk direktiv CDC kenbe jounal netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak etandi netwayaj

Fè dezenfeksyon souvan zòn ki gen anpil sikilasyon ak sa ki manyen souvan (egzanp., manch pòt, charyo woulan, saldeben)

Aplike pwosedi pou ogmante netwayaj/dezenfekte nan do kay la. Evite tout sifas ki gen kontak avèk manje lè wap itilize dezenfektan yo. Sifas ki gen kontak avèk manje dwe netwaye ak dezenfekte anvan yo itilize avèk yon dezenfektan ki apwouve pou kontak avèk sifas ki gen manje. Sifas ki pa gen kontak avèk manje yo dwe netwaye souvan

Sizoka ta gen yon ka COVID-19 pozitif potansyèl oswa aktyèl de yon travayè, anplwayè, oswa founisè, yo dwe fèmen restoran an imedyatman pou 24 èdtan e apresya li dwe netwaye ak dezenfekte annakò avèk direktiv aktyèl CDC anvan re-ouvèti